

# Kesyon & Repons - sou Chanjman Limit Lekòl Segondè pou Ane Akademik 2023 -2024

Revize 3 avril 23

## [Lyen \(link\) pou Apwouve Limit Jewografik Lekòl Segondè 2023-2024](#)

### Katye yo te relokalize nan Lekòl Segondè Dr. Joaquín García

- SACS 181A, 181B, 196B, ak 197 soti nan JILHS
- SACS 195A, 195B, 195C, 196A, 206B, ak 216C soti nan PBCHS
- SACS 216A, 216B, 217, 227A, ak 227B soti nan PVHS
- SACS 207, 208A, 218A ak 218C soti nan Santaluces

### Katye yo te relokalize nan JILHS, PB Central, Park Vista, Santaluces, oswa Wellington High School:

- Boynton Beach High pou ale nan Park Vista High SACS 252, 260 ak posyon nan SACs 253 ak 261 yo te deziyen nan Etid la kòm SACS 253A (jan yo te amande l pou enkli Boynton Waters Community), ak 261A
- Forest Hill High pou ale nan John I. Leonard High SACS 162, 163, 173, ak 174
- John I. Leonard High pou ale nan Palm Beach Central High SACS 160A, 160B, 171D, 171E, 180B, ak 171F
- Olympic Heights High pou ale nan Park Vista High SACS 242A, 242B, 259A, ak 259B
- Palm Beach Central High pou ale nan Wellington High SAC 156C

**Q1. Aktyèlman, mwen se yon *Sophomore* oswa *Junior* (*Junior* oswa *Senior* kap monte) epi yo te relokalize katye mwen an swa pou JILHS, PB Central, Park Vista, Santaluces, oswa Wellington. Ki opsyon mwen genyen?**

A1: Ou gen opsyon pou w rete nan High School ou ye kounye a oswa pou w ale nan nouvo lekòl ki nan zòn ou an, sepandan, Distri a p ap ofri transpò si w chwazi rete nan Lekòl Segondè (HS) ou ye kounye a. Okenn demann plasman pa obligatwa si w se yon "senior" k ap monte epi w ki chwazi rete nan High School ou ye kounye a. yon [Demann plasman](#) obligatwa pou nenpòt elèv ki gen plis pase yon ane Lekòl Segondè ki rete. Ou pral kapab fè demann plasman pou rete nan lekòl aktyèl la atravè sondaj elèv y ap voye atravè/nan [SIS Parent Gateway](#).

**Q2: Aktyèlman, mwen se yon *Junior* (*Senior* k ap monte) epi yo te relokalize katye mwen an pou **Dr. Joaquín García High School**. Ki opsyon mwen genyen?**

A2: Lekòl Segondè Dr. Joaquín García p ap gen yon Klas Senior nan premye ane li, kidonk y ap mande w pou w rete nan Lekòl Segondè ki nan zòn ou an kounye a epi y ap kontinye bay transpò si w abite nan distans 2 mil Zòn Lekòl la (pou 1 ane sèlman). Ou pa oblije mande plasman.

**Q3:**

**Aktyèlman mwen se yon *Sophomore* (*Junior* k ap monte) epi yo relokalize katye mwen an pou Dr. Joaquín García High School. Ki opsyon mwen genyen?**

A3: Ou gen opsyon pou w rete nan High School ou ye kounye a oswa pou w ale nan nouvo lekòl ki nan zòn ou an, sepandan, Distri a p ap ofri transpò si w chwazi rete nan Lekòl Segondè (HS) ou ye kounye a.

# Kesyon & Repons - sou Chanjman Limit Lekòl Segondè pou Ane Akademik 2023 -2024

Revize 3 avril 23

Yon [Demann plasman](#) obligatwa pou nenpòt elèv ki gen plis pase yon ane High School ki rete. Ou pral kapab fè demann plasman pou rete nan lekòl ou ye konye a atravè sondaj elèv y ap voye nan [SIS Parent Gateway](#).

**Q4: Mwen se yon frè/sè yon Junior oswa yon Senior k ap monte epi mwen pral antre nan 9<sup>yèm</sup> oswa 10<sup>yèm</sup> ane nan mwa **out 2023**, ki opsyon mwen genyen?**

A4: Ou gen opsyon pou w rete nan High School ou ye kounye a avèk frè/sè ou yo oswa pou w ale nan nouvo lekòl ki nan zòn ou an. Sepandan, Distri a p ap ofri transpò si w chwazi rete nan High School ou ye kounye a. Yon [Demann plasman](#) obligatwa. [plasman obligatwa pou nenpòt elèv ki gen plis pase yon ane High School ki rete. Ou pral kapab fè demann plasman pou rete nan lekòl ou ye konye a atravè sondaj elèv y ap voye nan \[SIS Parent Gateway\]\(#\). Yo apwouve pèmisyon sa a sèlman pou frè/sè k ap rantre nan klas 9<sup>yèm</sup> oswa 10<sup>yèm</sup> ane pandan ane lekòl 2023-2024 la. Si gen yon lòt frè/sè alavni, frè/sè sa a dwe ale nan nouvo lekòl ki nan zòn nan.](#)

**Q5: Mwen antre nan klas 9<sup>yèm</sup> oswa 10<sup>yèm</sup> ane nan mwa **out 2023** epi mwen pa genyen gran frè/sè aktyèlman nan High School ki nan Zòn mwen an. Ki opsyon mwen genyen?**

A5: Yo pral mande w otomatikman pou ale nan nouvo Lekòl Segondè ki nan zòn ou a epi Distri a ap bay Transpò si w abite nan yon distans 2 mil andeyò zòn lekòl la. Ou gen opsyon/posibilite tou pou aplike pou yon lòt lekòl segondè ki gen plas disponib nan *Open Enrollment*, enkli nouvo lekòl segondè Dr. Joaquín García. Aplikasyon pou *Open Enrollment* ap louvri 1<sup>ye</sup> me, 2023 epi l ap fèmen 30 jen 2023 nan [www.mypbchoiceapp.com](http://www.mypbchoiceapp.com). Plasman nan yon lekòl ki disponib se yon pwosesis ki baze sou lotri.

**Q6: Kòman mwen kapab enskri nan nouvo Lekòl Segondè Dr. Joaquín García ?**

A6: Lekòl Segondè Dr. Joaquín García an konstriksyon konye a. Direksyon an pral poste enfòmasyon sou enskripsyon nan sit entènèt lekòl la konsènan dat, lè ak pwosesis la an jeneral (<https://www.palmbeachschools.org/DrJoaquinGarciaHigh>). Pou plis kesyon, pa ezite rele lekòl la nan 561-851-5400.

**Q7: Chanjman zòn limit la afekte mwen, kilès mwen dwe fè konnen desizyon mwen pou rete nan lekòl mwen ye konye a oswa ale nan nouvo lekòl ki nan zòn mwen?**

A7: Fanmi ki elijib yo pral resevwa kominikasyon atravè pòtal SIS pou elèv ki elijib la. Nou ankouraje fanmi yo pou yo konfigire pòtal SIS yo si yo poko fè sa. Ou kapab bay enfòmasyon lè w kontakte lekòl aktyèl pitit ou a. Kominikasyon sa a pral yon sondaj pou fanmi, pou yo enfòme distri a sou entansyon elèv la swa pou rete nan lekòl aktyèl ki nan zòn nan oswa enskri nan lekòl ki nan nouvo zòn nan.

# Kesyon & Repons - sou Chanjman Limit Lekòl Segondè pou Ane Akademik 2023 -2024

Revize 3 avril 23

**Q8: Mwen fèk deplase nan yon katye chanjman limit lekòl yo afekte; nan ki lekòl mwen dwe enskri pou Ane Lekòl **SY 2022/23 sa a?****

A8: Sòf si zòn ou se pou Lekòl Segondè Dr. Joaquín García, Distri a rekòmande pou w enskri nan lekòl ki nan nouvo zòn nan pou rezon kontinwite atravè pwosesis plasman an. Ou kapab kontakte Biwo Rejyonal la pou asistans nan pwosesis sa a.

(Rejyon Sid: (561) 982-0919; Rejyon Santral: 561-868-5326)

Sepandan, si w nan zòn Dr. Joaquín García High School, ou ta dwe enskri nan lekòl yo deziyen ki nan katye w la pou SY 2022/23 la:

["Find my School" Lyen tanporè pou SY 2022/2023 Plasman](#)  
[2022/23 SY Limit Jewografik Lekòl Segondè](#)

**Q9: Kilè app [Find my School \(FMS\)](#) la ap ajou pou reflekte nouvo plasman nan lekòl pou **SY 2023/2024?****

A9: Yo te mete "Find My School" ajou 31 mas 2023, epi kounye a li gen nouvo plasman lekòl yo k ap antre anvigè nan fen ane lekòl sa a.

=====

## KEKSYON POU PWOGRAM CHWA

**Elèv Pwogram Chwa Aktyèl ak In-House Academy Aktyèlman ap patisipe nan yon pwogram nan lekòl aktyèl yo**

**Q10: Elèv mwen an aktyèlman nan klas 9<sup>yèm</sup> ane epi yo te plase li nan pwogram Choice oswa In-house nan zòn aktyèl la. Èske elèv mwen an kapab rete nan zòn lekòl aktyèl la pou kontinye nan pwogram Chwa oswa In-house ?**

A10: Wi. Elèv klas 9<sup>yèm</sup> ane konye a ki nan pwogram Chwa oswa In-House yo kapab rete nan lekòl aktyèl la pou ane akademik 2023-2024 si y ap patisipe nan yon pwogram Chwa oswa *In-House* depi (omwen) kòmansman ane akademik 2022-2023 la. Elèv la dwe rete enskri nan pwogram nan epi respekte tout atant nan kontra pwogram Chwa a. Si elèv la soti nan pwogram nan nenpòt moman, volontèman oswa envolontèman, elèv la dwe ale nan lekòl ki nan nouvo zòn nan, ak yon sèl eksepsyon: Elèv klas 12<sup>yèm</sup> ane ki gen nouvo SAC lekòl Dr. Joaquín García High School **dwe** rete nan lekòl segondè yo ye deja ki nan zòn nan pou ane akademik 2023-2024 la paske p ap gen yon klas 12<sup>yèm</sup> (Senior) pou ane akademik 2023-2024 nan Dr. Joaquín García High School.

## **Nouvo Aplikan pwogram Chwa pou ane Akademik 2023-2024**

**Enfòmasyon Jeneral:** Y ap konsidere Pwogram y ap ofri nan Lekòl Segondè Dr. Joaquín García a kòm pwogram "In-House" lè li ouvri ann out 2023. Yo ofri yon pwogram "In-House" sèlman pou elèv ki abite nan yon zòn yo deziyen. Nan moman sa a, fanmi yo pa kapab aplike pou okenn pwogram nan lekòl la paske yo poko detèmine limit yo.

# Kesyon & Repons - sou Chanjman Limit Lekòl Segondè pou Ane Akademik 2023 -2024

Revize 3 avril 23

Yon fwa yo apwouve chanjman limit yo, estaf/anplwaye lekòl la pral kontakte fanmi ki elijib yo avèk enfòmasyon sou òf pwogram yo ak opsyon sou fason pou chwazi pou patisipe. [Pou enfòmasyon adisyonèl konsènan aplikasyon pwogram Chwa ak dat limit pou aplikasyon anreta, vizite \[mypbchoiceapp.com\]\(http://mypbchoiceapp.com\)](#). Fanmi yo kapab soumèt yon aplikasyon anreta pou yon pwogram Chwa oswa *In-House* nan nenpòt lekòl yo elijib dapre adrès aktyèl ak lekòl ki nan zòn yo pou ane lekòl 2023-2024 la.

**Q11: Yo te chanje zòn lekòl mwen an akòz chanjman limit la. Mwen te aplike epi yo te aksepte mwen nan program Chwa ki nan lekòl aktyèl mwen an pou 2023-2024 la. Èske chanjman Zòn limit lekòl la afekte m?**

A11: Chanjman limit lekòl la pral chanje lekòl yo deziyen an pou adrès kay la; **sepandan**, si yo te plase w nan yon pwogram Chwa oswa In-house nan lekòl ou ye konye a oswa nan nenpòt lòt lekòl, ou kapab aksepte plas la epi patisipe nan pwogram sa a. Ou kapab tou refize òf plas ou a pou ale nan Lekòl Segondè ki nan nouvo zòn ou an (ak eksepsyon 12<sup>yèm</sup> ane nan Lekòl Segondè Dr. Joaquín García, paske yo sèlman aksepte klas 9<sup>yèm</sup>-11<sup>yèm</sup> ane pandan ane akademik 2023-2024).

**Q12: Èske pitit mwen an kapab soumèt yon aplikasyon pwogram Chwa nan lekòl segondè nan Dr. Joaquín García pou ane akademik 2023-2024 la?**

A12: Non. Estaf lekòl la pral kontakte fanmi ki elijib yo ak enfòmasyon sou pwogram yo ofri ak opsyon sou fason pou chwazi pou patisipe kòm yon elèv ki nan zòn nan.

**Q13: Lotri Chwa a te plase m nan yon pwogram Chwa oswa In-House yo ofri nan lekòl zòn mwen ye kounye a pou ane lekòl 2023-2024 la; sepandan, lekòl ki nan zòn mwen an chanje kounye a akòz detèminasyon final limit lekòl yo. Nouvo lekòl mwen an ofri menm pwogram pitit mwen an te ladan. Èske pitit mwen an kapab toujou aksepte plas la epi patisipe nan pwogram nan nan lekòl ki nan zòn li kote li te plase a?**

A13: Wi, Nenpòt elèv ki nan klas 9<sup>yèm</sup> rive nan 12<sup>yèm</sup> ane yo te plase nan yon pwogram Chwa oswa In-House pou ane akademik 2023-2024 la kapab aksepte plas la epi ale nan pwogram lekòl la dapre règleman 5.016 Pwogram Chwa Distri Lekòl la.

**Q14: Lotri Chwa a te plase m nan yon pwogram Chwa oswa In-House yo ofri nan lekòl zòn mwen ye kounye a pou ane lekòl 2023-2024 la; sepandan, mwen vle pitit mwen an ale nan nouvo lekòl zòn li kòm yon elèv ki pa nan pwogram Chwa. Èske mwen kapab refize plas Chwa mwen an epi ale nan nouvo lekòl ki nan zòn mwen an?**

A14: Wi, elèv yo kapab ale nan nouvo zòn lekòl la kòm yon elèv ki pa nan pwogram Chwa, eksepte elèv klas 11<sup>yèm</sup> ane aktyèl yo ki pral klase nan zòn nan pou Lekòl Segondè Dr. Joaquín García paske yo p ap ofri yon klas 12<sup>yèm</sup> ane pou ane akademik 2023-2024 la.

## **Kesyon & Repons - sou Chanjman Limit Lekòl Segondè pou Ane Akademik 2023 -2024**

*Revize 3 avril 23*

**Q15: Èske Dr. García High School ap gen plas disponib pou elèv ki abite andeyò nouvo zòn limiy lekòl la?**

A15: Wi. Pwosesis *Open Enrollment* an pral ouvri apati 1<sup>ye</sup>me rive 30 jen, 2023 epi li pral genyen plas ki disponib pou elèv lekòl segondè Dr. García k ap rantre nan klas 9yèm, 10yèm, ak 11yèm ane. Pou plis enfòmasyon sou pwosesis *Open Enrollment*, tanpri vizite [School Choice-Open Enrollment](#)